

Si-w kwè ou te viktim diskriminasyon dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, oswa Chapit 7 ki nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, ansanm ak chanjman ki fèt ladan-l yo (Title VII of the Civil Rights Act of 1964, as amended), se pou-w telefone, ekri, oswa ale nan Office of Equal Opportunity, nan adrès ki ekri nan ti liv sa-a.

Dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay, moun ki pote plent la dwe mete-l sou papye, epi sèmante sa-l di-a se vre. Plent la pa dwe pran plis pase 180 jou, koumanse konte sou dat dènye diskriminasyon moun nan di ki te fèt la, pou-l rive nan Office of Equal Opportunity.

[Nòt: Ou gen dwa tann pi lontan anvan ou pote plent devan Komisyon Etazini pou Egalite nan Travay (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) (300 jou), oswa Komisyon Florida pou Relasyon Imen (Florida Commission on Human Relations) (365 jou).]

Pou enfòmasyon, asistans, oswa pou pote yon plent, kontakte:

**Palm Beach County
Office of Equal Opportunity**

Governmental Center

301 North Olive Avenue

10th Floor

West Palm Beach, FL 33401

Telefòn: (561) 355-4883

Faks: (561) 355-4932

www.pbcgov.com/equalopportunity



Palm Beach County
Konsèy Komisè Kawnti-a

Moun ki bezwen, kapab mande pou yo resevwa enfòmasyon ki nan papye sa-a sou yon lòt fòm.

Rev. 02/2014



Fasilite pou Relijyon

**Palm Beach County
Office of
Equal Opportunity**

*(Biwo pou Chans Egal,
Palm Beach Kawnti)*

www.pbcgov.com/equalopportunity

**Pamela Guerrier
Director**

Lalwa

Dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Egalite nan Travay (Règleman No. 95-31) [Palm Beach County Equal Employment Ordinance (Ordinance No. 95-31)], ansanm ak Chapit 7 ki nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil, ansanm ak chanjman ki fèt ladan-l yo (Title VII of the Civil Rights Act of 1964, as amended), patwon dwe bay anplwaye yo fasilite ki nòm al pou anplwaye yo kapab kwè ak sèvi pwòp relijyon pa yo.

Patwon yo pa oblije dakò avèk sa yon anplwaye ta pito fè, depi sa patwon-an ofri-a chita sou bon rezon, san-l pa lakòz okenn traka pou biznis patwon-an.

Ki sa ki pwoteje dapre kategori Relijyon?

- Se pa sa moun kwè sèlman lalwa pwoteje; jan yo sèvi sa yo kwè-a pwoteje tou.
- Sa moun kwè nan zafè tradisyon yo swiv ak nan zafè politik pa pwoteje dapre kategori relijyon.
- Moun nan dwe kwè sa-l kwè-a sou kesyon relijyon-an tout bon vre, men sa pa vle di sa moun nan kwè-a bezwen soti nan okenn relijyon ki rekonèt.

Ki sa ki rele fasilite ki nòm al?

Patwon-an oblije bay yon anplwaye fasilite pou-l kwè ak sèvi relijyon li, depi patwon-an vin konnen anplwaye-a genyen yon bezwen sou kesyon relijyon-an.

Depi patwon-an konnen genyen yon pwoblèm ant travay ki genyen pou fèt la avèk relijyon anplwaye-a kwè oswa sèvi-a, patwon-an dwe eseye bay fasilite nòm al pou anplwaye-a kapab kwè oswa sèvi relijyon li, san sa pa dwe lakòz okenn traka pou biznis la mache.

Depi yon patwon ofri fasilite ki nòm al pou sa anplwaye-a kwè, li deja obeyi lalwa sou pwèn sa-a.

Patwon-an pa oblije bay anplwaye-a fasilite li ta mande-a dirèk oswa fasilite li ta pito genyen-an. Patwon-an dwe kapab montre sèlman te genyen efò ki te fèt pou regle tout kesyon travay ki ta kapab lakòz yon pwoblèm pou sa anplwaye a kwè nan relijyon li, san sa pa jennen sityasyon-l nan travay la.

Egzanp fasilite ki nòm al

- Chanje lè travay la. Eske genyen lòt anplwaye ki konnen travay la, epi ki kapab fè-l menm jan, epi ki dakò pou travay nan plas moun nan?
- Sèvi avèk tan ki fleksib. Eske anplwaye-yo kapab genyen lè ki fleksib pou yo koumanse ak fini travay, oswa sèvi avèk lè manje midi yo oubyen lòt lè pou ranplase tan ki te pèdi?
- Chanje relèv. Anplwaye kapab gen pèmasyon pou chanje relèv avèk lòt anplwaye, lè sa kapab fèt.
- Règleman vakans. Pèmèt anplwaye pou sèvi avèk vakans peye lè vakans peye kapab sèvi pou kesyon ki pa genyen pou wè avèk relijyon. Epitou, pèmèt anplwaye yo pou yo kapab pran vakans ki pa peye, si yo te ranje sa davans.